# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–09 अगस्त 2026 भोजपुरी समाचार

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ में 'हर घर तिरंगा' अभियान क सुभारम्भ कइलें। एकरे बाद जनप्रतिनिधिन, नौजवान, महिलन, कलाकारन के सथहीं प्रदेसवासियन के साथे मुख्यमंत्री आवास से विधानभवन ले तिरंगा यात्रा निकरलें। मुख्यमंत्री तिरंगा फहरावत लइकन के साथे सेल्फी लिहलें आ उनकर उत्साह बढ़वलें। सुभारम्भ वाला जगहि पर वंदे मातरम क सामूहिक गान कइल गइल। मुख्यमंत्री स्वाधीनता दिवस क अग्रिम बधाई देत अपीलि कइलें कि एहसे पहिले हर घर में तिरंगा फहरावें। मुख्यमंत्री तिरंगा के सादगी, विकास, बिरासत आ भारत क आन–बान–सान क प्रतीक बतवलें।

**हमारा यह तिरंगा हमारे सादगी का, हमारे विकास का, हमारी विरासत का, और भारत के आन बान और शान का प्रतीक है। हम सब आभारी हैं प्रधानमंत्री मोदी जी के जिन्होंने भारत के प्रतीकों के प्रति सर्वोच्च सम्मान बनाए रखने के लिए राष्ट्रगान और राष्ट्रगीत का अपमान करने वालों को संज्ञेय अपराध की सूची में रखते हुए दंडित करने का निर्णय लिया है।**

मुख्यमंत्री कहलें कि राष्ट्रगीत के पचास बरिस पूरा भइले के उपलक्ष्य में देस में वंदे मातरम क गान हो रहल हौ। तिरंगा यात्रा में केंद्रीय वित्त राज्यमंत्री आ भाजपा क प्रदेस अध्यक्ष पंकज चौधरी, उप मुख्यमंत्री केशव प्रसाद मौर्य, ब्रजेश पाठक, मंत्री सुरेश खन्ना, स्वतंत्र देव सिंह, जेपीएस राठौर, दयाशंकर सिंह, लखनऊ क महापौर सुषमा खर्कवाल, राज्यसभा सांसद डॉ. दिनेश शर्मा, ब्रजलाल, संजय सेठ के सथहीं कई गो जनप्रतिनिधि मौजूद रहलें।

**********

मुख्यमंत्री आजु, काकोरी ट्रेन एक्शन क एक सौ एक बरिस पूरा भइले के उपलक्ष्य में काकोरी सहीद स्मारक पर आयोजित सताब्दी समारोह में सामिल भइलें। येह मौका पर उहां के राष्ट्र नायकन के सरधांजलि देत कहलीं कि भारत आपसी फूट, षड्यंत्र के नाते गुलाम भइल रहे। क्षेत्र, जाति आ भासा के नांव पर भारत के कमजोर करे वाली ताकति अजुओ फूट डालि रहलि हौ। मुख्यमंत्री कहलें कि देस बिरोधी ताकति सोसल मीडिया प्लेटफारम क दुरूपयोग कइ के भारत के खिलाफ अफवाह फइला रहलि हौ।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु सिद्धार्थनगर जिला में डुमरियागंज आ बांसी विधानसभा क्षेत्र बदे करीब तीनि सौ इग्यारह करोड़ रूपिया के कई गो विकास परियोजना क लोकारपण आ सिलान्यास कइलें। येह मौका पर आयोजित समारोह के सम्बोधित करत मुख्यमंत्री कहलें कि पछिला आठ, नौ सालि के दौरान भइल कार्यन आ कोसिसन से सिद्धार्थनगर जिला विकास के पैमाना पर तेजी से आगे बढ़ि रहल बा।

**देश के अंदर 112 जनपद 'आकांक्षी जनपद' हैं, और अग्रणी छलांग लगाने वाला कोई जनपद है और नीति आयोग से 25 करोड़ रुपये की पुरस्कार प्राप्त करने वाला कोई जनपद है तो वह सिद्धार्थनगर जनपद है। अब यह केवल आकांक्षी नहीं, बल्कि विकास के पायदान पर तेजी के साथ अग्रणी भूमिका निभाने के लिए जाने जाना वाला जनपद है।**

लोकार्पण आ सिलान्यास समारोह में सांसद जगदम्बिका पाल के सथहीं कई गो जनप्रतिनिधि मौजूद रहलें।

**********

स्कूल जाये वाला बारह बरिस तक के लइकन क सुरक्षा के ले के राज्य सरकार नया पहल कइले हौ। अइसन लइकन के लेआवे–लेजाये वाला हर स्कूल के गाड़ियन में अटेंडेंट यानी परिचारक चाहे परिचारिका रक्खल जरूरी होई जे लइकन के गाड़ियन में सुरक्षित चढ़ावले आ उतरले क जिम्मेदारी सम्हरिहें। एके ले के परिवहन आयुक्त आशुतोष निरंजन प्रदेस के सज्जो विद्यालयन के प्रबंधन लोगिन के चिट्ठी जारी कइले हवें। चिट्ठी में स्कूल गाड़ियन क सुरक्षा, व्यवस्था कड़ेर कइले क निरदेसो दीहलइ गइल बा।

**********

प्रदेस के नौजवानन के उच्च शिक्षा, व्यावसायिक शिक्षा के सथहीं कई गो क्षेत्रन में बढ़ियां मौका उपलब्ध करावले के उद्देस्य से हर जिला में तैनात आईएएस, आईपीएस आ आईएफएस क नौजवान अधिकारी हर महिन्ना स्कूलन में पहुंचिहें। ई अधिकारी महिन्ना में कम से कम एक इंटरमीडिएट स्तर के विद्यालय पर जा के विद्यार्थियन के साथे बातचीत कइ के उनकर मार्गदरसन करिहें। अपर मुख्य सचिव, माध्यमिक शिक्षा, पार्थसारथी सेन शर्मा बतवलें कि येह बारे में सासन की ओरि से सज्जो जिलाधिकारियन के निरदेस दीहल गइल बा।

**********

अजोध्या में श्रीराम जन्मभूमि तीर्थ क्षेत्र ट्रस्ट क नया गठित धार्मिक समिति क पहिला बइठकी आजु श्रीराम वल्लभा कुंज मंदिर में भइल। बइठकी के बाद समिति क सदस्य महंत रामानंद दास बतवलें कि पनरह अगस्त के संझा रिवाज के मोताबिक रामलला क पालकी जतरा निकारल जाई। पालकी, मंदिर परिसर के उत्तरी दुआरि से निकारि के प्राचीन कुबेर टीला पहुंची। कुबेर टीला पर करीब दुइ घंटा ले धारमिक कार्यक्रम आयोजित कइल जाई। एकरे बाद रामलला क पालकी जतरा वापिस मंदिर के गर्भगृह पहुंची, जहवां भगवान रामलला के सोना से जड़ल चांनी के हिंडोला पर झुलुआ झुलावल जाई।

**********

पछिला चउबीस घंटा के दौरान प्रदेस के पूरबी आ पच्छिमी इलाकन में कहीं–कहीं हल्लुक से ले के मध्यम बरखा दरज कइल गइल। मौसम विभाग बिहने कुछु जिलन में भारी बरखा आ एकरे बाद अगिला दुइ दिन ले गरज–चमकि के साथे बौछार परले क अनुमान जतवले हौ।

**********